



Pou Piblikasyon Imedya: 22/12/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**KISA Y AP DI: GOUVÈNÈ HOCHUL NONMEN ONORAB HECTOR D. LASALLE  
POU LI VIN JIJ AN CHÈF KOU DAPÈL ETA NEW YORK LA**

Gouvènè Hochul jodi a te nonmen Onorab Hector D. LaSalle, Jij k ap Prezide Dezyèm Depatman Tribinal Siprèm New York la, kòm pwochen Jij an Chèf Kou Dapèl Eta New York la. Gouvènè Hochul te tou anonse gwo sipò li pou entansyon Jij LaSalle pou nonmen Onorab Edwina G. Richardson-Mendelson pou sèvi kòm Jij Administratif an Chèf, si Sena a konfime li.

**Gouvènè Adjwen Antonio Delgado te deklare.** "Jij Hector LaSalle reprezante sa ki pi bon nan New York: yon jij briyan, san patipri ki gen anpil respè pou eta dedwa ak pwosesis konstitisyonèl nou an. Gouvènè Hochul te fè yon bon chwa nan chwazi Jij LaSalle pou sèvi nan pi wo tribinal Eta New York la, epi mwen tann pou m wè li konfime pa Sena a byen vit."

**Pwokirè Jeneral Letitia James te deklare,** "Nominasyon Jij Hector D. LaSalle pou sèvi kòm pwochen Jij anchèf pou Tribinal Apèl Eta New York la se yon reyalyasyon istorik. Jij LaSalle pral pote pèspektiv inik ak yon richès eksperyans nan wòl enpòtan sa a epi li pral premye Latino ak premye Pòtoriken ki Jij an Chèf. Anplis pase yon deseni eksperyans nan plizyè nivo nan Sistèm Tribinal Inifye Eta New York la, Jij LaSalle se yon ansyen nan Biwo Pwokirè Jeneral la. Anplis de sa, mwen felisite Jij Edwina G. Richardson-Mendelson sou nominasyon li kòm Jij Administratif an Chèf. Mwen felisite Gouvènè Kathy Hochul pou nominasyon sa a, epi mwen felisite Jij LaSalle ak Jij Richardson-Mendelson pou akonplisman pa yo."

**Prezidan Asanble Carl Heastie te deklare,** "Pèp Nouyòk la merite yon sistèm jidisyè ki reprezante yo ak divès moun ak bezwen eta nou an. Si yo konfime li, Onorab Hector D. LaSalle ta dwe premye Latino ki sèvi kòm jij an chèf Kou Dapèl Eta New York la. Mwen ta renmen tou felisite Onorab Edwina G. Richardson-Mendelson, ke Jij LaSalle te anonse li ta nonmen pou sèvi kòm Jij Administratif an Chèf. Li te travay pandan karyè li pou asire sistèm jistis eta nou an ap sèvi tout Nouyòkè yo epi li ta dwe premye fanm Afriken Ameriken k ap sèvi nan pozisyon sa a. Sa a se yon nominasyon ak dezinyasyon istorik, epi mwen felisite yo toulede."

**Reprezantan Ameriken Jerrold Nadler te deklare,** "Mwen felisite Gouvènè Hochul pou nominasyon istorik Jij LaSalle kòm Jij anchèf nan Kou Dapèl Eta New York la. Jij

LaSalle se yon jij ki kalifye anpil e ke yo respekte anpil, e mwen gen konfyans ke nominasyon li a pral asire ke tribinal la chèche jistis ekitab pou tout Nouyòkè yo. Anplis de sa, nou tout ka fyète epi felisite Jij LaSalle paske li se premye Jij Latino an Chèf, eksperyans lavi li pral pote yon pèspektiv enpòtan nan tribinal la ak nan eta nou an."

**Reprezantan Ameriken Nydia Velázquez, te deklare,** "Jodi a make yon moman istorik pou Eta New York. Jij Lasalle te angaje lavi l pou l defann pi gwo valè ak prensip lwa Eta a ak Konstitisyon an. Mwen gen konfyans li pral pote transparans, entegrite ak transparans ak eksperyans ki nesèsè anpil nan pozisyon Jij an Chèf la epi li pral ede fòme yon tribinal ki enklizif e ki reprezante tout kominote yo atravè eta a. Mwen felisite Jij Lasalle epi mwen remèsye Gouvènè Hochul pou vizyon li, ak chwa remakab sa a."

**Reprezantan Etazini Gregory W. Meeks te deklare,** "Jij LaSalle se yon ekspè legal ki gen eksperyans e ki kalifye. Mwen gen konfyans nan kapasite l pou l sèvi kòm pwochen Jij an Chèf Kou Dapèl Eta New York la. Moun New York ta gen yon jij ki demontre lidèchip pandan l ap bay aksè ak jistis."

**Reprezantan Ameriken Yvette Clarke te deklare,** "Jij Hector D. Lasalle se yon moun ki engilyèman kalifye ki sèten l ap pote angajman egi li anvè jistis ak etik travay enkonparab nan Kou Dapèl Eta New York vital nou an. Mwen felisite Gouvènè Hochul pou chwa istorik solid li, epi remèsye li ak administrasyon li a pou pouswit devwe pwogrè yo nan chak kwen nan gwo eta nou an."

**Reprezantan Ameriken Adriano Espaillat te deklare,** "Felisitasyon pou Jij Hector D. LaSalle pou nominasyon Gouvènè Hochul fè jodi a pou sèvi nan Tribinal Apèl New York la. Hector kolaboratif ak ekitab nan efò li yo, epi mwen gen konfyans li pral yon gwo avantaj nan pozisyon sa a pandan l ap pote yon nivo ekspètiz ak pèspikasite jidisyè nan pozisyon an. Hector se yon Pòtoriken fyè e li ta dwe premye Jij Latino an Chèf. Sa a se yon gwo eksplwa pou Latino yo ak eta New York nou an ki pi fò akòz divès vwa lidèchip."

**Reprezantan Ameriken Ritchie Torres, te deklare,** "Nominasyon Hector LaSalle kòm Jij an Chèf nan Kou Dapèl Eta New York la reprezante yon avansman istorik pou reprezantasyon Latino a nan pi wo nivo gouvènman Eta New York la. Kòm Jij k ap Prezide Dezyèm Depatman an, ki se kou dapèl eta ki pi aktif nan nasyon an, Jij LaSalle kalifye pou dirije tribinal ki wo nan Eta New York la".

**Senatè Kevin Thomas te deklare,** "Mèsi Gouvènè Kathy Hochul pou nominasyon Onorab Hector D. LaSalle kòm pwochen Jij an Chèf. Li eksepsyonèlman byen kalifye epi li se yon kamarad rezidan Long Island. Li pral yon avantaj nan pozisyon an!"

**Senatè Luis Sepulveda te deklare,** "Mwen felisite Jij Hector LaSalle pou nominasyon li kòm Jij an Chèf nan Kou Dapèl la. Yon kandida ki ekstrèmman kalifye ki gen plizyè deseni eksperyans. Mwen felisite tou Gouvènè Kathy Hochul paske li rekonèt bilan ak efò Latino yo te reprezante fwa sa a pa Jij LaSalle."

**Senatè-Eli Monica Martinez, te deklare,** "Mèsi Gouvènè Kathy Hochul paske w te nonmen Jij LaSalle kòm Jij an Chèf. Mwen kontan wè yon Latino, yon moun nan Long Island ak yon ansyen elèv fyè nan Brentwood monte nan tèt sistèm tribinal la. Istwa ap fèt epi mwen swete Jij LaSalle anpil siksè!"

**Manm Asanble Catalina Cruz te deklare,** "Mesi Gouvènè. Kathy Hochul pou nominasyon istorik Jij Hector LaSalle kòm Jij an Chèf Kou Dapèl la. Mwen swete Jij LaSalle anpil siksè pandan l ap dirije nan yon epòk jidsyè ak politik ki konplèks."

**Pwokirè Distrik Brooklyn Ian Eric Gonzalez te deklare,** "Pandan 14 ane li pase nan pozisyon an ak nan tout karyè jisisyè distenge li nan sèvis piblik, Jij Hector LaSalle te etabli yon bilan solid kòm yon avoka briyan ak yon jij ki eskripilezman ekitab ak reflechi. Antanke Jij k ap Prezide Dezyèm Depatman an, Jij LaSalle pote tou anpil eksperyans nan apèl ak jesyon ki espesyalman enpòtan pandan sistèm tribinal la ak ap fè fas ak anpil defi n ap rankontre yo. Se te yon privilèj pou nou rele l yon zanmi paske nou te kamarad klas nan lekòl dwa. Menm jan an tou, Jij. Edwina Richardson-Mendelson, ke travay li pou amelyore aksè ak jistis ak ogmante ekite amelyore sistèm tribinal nou an, pral fè yon Jij Administratif ekselan. Mwen bat bravo pou Gouvènè Hochul pou chwa eksepsyonèl sa yo."

**Avoka Distri Queens Ian, Melinda Katz, te deklare,** "Hector LaSalle se yon jij briyan ak yon lidè apwouve. Mwen vle felisite Gouvènè a ak komite li a pou chwa ekselan li a. Mwen gen konfyans ke sistèm jidisyè konplèks nou an nan men ki kapab."

**Pwokirè Distri Konte Richmond a, Michael E. McMahon, te deklare,** "Mwen bay Jij Hector LaSalle konpliman sensè pou nominasyon istorik li kòm Jij an Chèf eta nou an, ak Jij Edwina G. Richardson-Mendelson kòm pwochen Jij Administratif an Chèf nou an. Nan eksperyans nou devan Jij LaSalle nan Dezyèm Depatman an, nou jwenn li se yon jij ki jis, ki gen konesans, ak konsiderasyon epi si yo konfime li, nou espere li pral pote menm apwòch sa a nan Kou Dapèl la. Pi gwo tribinal eta nou an dwe rete yon antite san patipri ki bay jistis egalman pou tout moun, epi mwen optimis Jistis LaSalle pral akonpli misyon sa a nan non tout Nouyòkè yo. Menm jan an tou, mwen gen espwa ke Jij Richardson-Mendelson pral gide sistèm tribinal nou an avèk siksè pou l vin pi efisyan ak efikas nan abòde plizyè pwoblèm ki mennen Nouyòkè yo nan Sistèm Tribinal Inifye a epi nou swete li siksè nan pwosesis nominasyon an ak odela. Mwen remèsye tou Jij an Chèf enterimè Cannataro pou sèvis egzanplè li pandan plizyè mwa sa yo, ak Jij Marks pou ane sèvis li kòm Jij Administratif an Chèf ak patisipasyon li nan pote amelyorasyon enpòtan nan operasyon tribinal kriminel Staten Island la."

**Prezidan Minisipalite Bronx, Vanessa L. Gibson te deklare,** "Mwen fyè pou m kanpe bò kote Gouvènè Kathy Hochul nan nominasyon Onorab Hector D. LaSalle li a kòm Jij an Chèf nan Kou Dapèl Eta New York la. Jij LaSalle gen yon repitasyon pafè epi mwen konnen li pral pwoteje dwa tout Nouyòkè yo. Si yo konfime li, Jij LaSalle pral vin premye Jij Latino an Chèf. Ann fè listwa - ankò!"

**Onorab. Rolando T. Acosta, Jij k ap Prezide Divizyon Apèl Kou Siprèm Eta New York, Premye Depatman an, te deklare,** "Gouvènè Hochul te fè yon travay ekselan lè l te chwazi Jij Prezidan Hector LaSalle pou vin pwochen Jij an Chèf Eta New York apre youn nan pwosesis seleksyon ki pi solid nan istwa resan; epi yo ta dwe felisite Gouvènè a pou chwa ekstrawòdinè li a. Jij Prezidan LaSalle te reyalize pi gwo evalyasyon kimilatif nan divès asosyasyon bawo yo, ki gen ladan Asosiyasyon Bawo Vil la ak Eta a. Yo te jwenn li trè kalifye, epi Gouvènè a dakò. Mwen te travay kole ak Jij Prezidan LaSalle kòm Jij Asosye nan Divizyon Apèl la epi answit kòm Jij Prezidan nan Depatman respektif nou yo ak kòm manm Konsèy Administratif la. Mwen konnen pèsonèlman bilan jidisyè li nan pran desizyon reflechi ak ekilibre ak nati kolaboratif li. Kamarad li yo renmen ak respekte li kòm yon moun ki gen entegrite ki bay valorize pouvwa jidisyè a ak obligasyon prensipal li pou bay jistis pou tout moun. Epi wi, si Sena a konfime li, li t ap premye Jij Latino an Chèf nan istwa Eta New York - yon sous fyète ak lajwa k ap debòde pou kominote koulè yo ki toujou ap lite pou otonomi ak jistis egal. Mèsi, Gouvènè Hochul!"

**Administratè Vilaj Patchogue la, Lizbeth Carillo, te drklare,** "Mèsi Gouvènè Hochul dèske w te nonmen Jij Hector LaSalle kòm Jij an Chèf Kou Dapèl Eta New York la. Kòm yon Latina, mwen kontan anpil konnen ke y ap vin rekonèt Panyòl yo epi yo ap gravi echèl la pou yo okipe plas ke kèk ane de sa ke yo te konnen kòm irealizab. Felisitasyon, Jij LaSalle!"

**Joe DeStefano ki se Majistra Vil Middletown lan, te deklare,** "Jij Hector LaSalle se yon chwa ekselan pou Jij an Chèf nan Kou Dapèl la akoz plizyè deseni eksperyans li ak bilan apwouve li. Sa a se yon nominasyon istorik ki pral ede pwoteje dwa Nouyòk yo epi ede yo chèche jistis."

**Lejislatè Konte Suffolk la, Samuel Gonzalez Jr., te deklare,** "Jodi a, Gouvènè Hochul te nonmen Onorab Hector LaSalle, yon natif Long Island ki se desandan Pòtoriken, kòm premye Jij Latino an Chèf nan Eta New York. Nominasyon istorik sa a voye yon mesaj bay tout aspiran avoka Latino ak Latin nou yo ke yo menm tou yo ka reyalize etap enpòtan sa yo gras ak devouman ak travay di."

**Konseye Vil Islip, Jorge C. Guadrón, te deklare,** "Latino ak Latina yo atravè Eta New York te fè gwo pwogrè nan karyè jiridik yo, men pa gen anyen ki pi enspire pase tandè ke Onorab Gouvènè Hochul nonmen pwòp Onorab Long Island lan Hector LaSalle kòm premye Jij Latino an chèf nan Eta New York. Kòm yon imigran ak premye Latino ki te janm eli nan Konsèy Vil Islip la, mwen rejwenn manm kominote Long Island mwen yo pou felisite Jij LaSalle pou nominasyon istorik sa a."

**Majistra Newburgh la, Torrance Harvey, te deklare,** "Mèsi Gouvènè Hochul dèske w te nonmen Jij Hector LaSalle kòm Jij an Chèf Kou Dapèl. Anons sa a k ap brize baryè a pral sèvi kòm yon flanbo jistis pou moun ki nan gwo eta New York yo!"

**Majistra Kingston Ian, Steve Noble, te deklare,** "Jij LaSalle pote yon pwofondè eksperyans pwofesyonèl ak pèsònèl nan pozisyon enpòtan sa a ke se sèlman kèk lòt moun ki ka egale l. Nou bat bravo pou desizyon Gouvènè a".

**Sherif Konte Suffolk la, Errol D. Toulon, Jr. te deklare.** "Mwen felisite Gouvènè Hochul pou nominasyon Hector LaSalle li kòm Jij an Chèf nan Kou Dapèl Eta New York la ki vini ak yon bilan pwouve ki defann lwa nou yo san patipri ak yon fason jis. Jij LaSalle se egzakteman sa Nouyòkè yo bezwen ak sa yo merite nan premye plas ki sipèvize pwosesis jistis kriminèl nou yo."

**Reveran Al Sharpton, ki se Fondatè ak Prezidan Rezo Aksyon Nasyonal la (National Action Network), te deklare,** "Nominasyon Onorab Hector D. LaSalle Gouvènè Hochul la pou vin Jij an Chèf nan Kou Dapèl Eta New York la se yon endikatè klè nan efò konstan li pou elve divès kalite vwa pou wòl lidèchip nan sistèm tribinal Eta nou an. Konfimasyon Jij LaSalle ta fè listwa pou fè li vin premye Jij Latino an Chèf, sa ki make yon lòt etap enpòtan nan direksyon pou fòme yon sistèm jistis ki pi reprezantatif nan New York. Entansyon Jij LaSalle pou l nome Onorab. Edwina G. Richardson-Mendelson kòm Jij Administratif an Chèf, demontre repèkasyon pozitif sa a davantaj epi li pote yon sans ekite ak entegrite pou pwoteje dwa Nouyòkè yo ak defann jistis".

**Lymaris Albors, Direktè Egzekitif Jeneral Acacia Network la, te deklare,** "Jodi a se yon jou ekstrawòdinè: Gouvènè Hochul te nonmen premye Jij Latino an Chèf nan istwa Eta New York! Yo dwe bat bravo ak selebre nominasyon Jij Prezidan 2èm Depatman an pou vin pwochen Jij an chèf la. Pandan ane li te pase yo nan pozisyon an, Jij LaSalle te pwouve li se yon gwo defansè pou eta dedwa ak entegrite sistèm tribinal nou an. Li se yon vrè lidè ki pral sèvi eta nou an ak distenksyon. Bilan ekselans Jij LaSalle nan karyè jidisyè li a pa gen parèy. Felisitasyon pou Gouvènè Hochul."

**Alyson E. Bass, Prezidan Asosyasyon Bawo Nwa Long Island (Long Island Black Bar Association) lan, te deklare,** "Amistad Asosyasyon Bawo Nwa Long Island lan kontan ak rekonesans Gouvènè a sou enpòtans divèsite nan pouvwa Jidisyè Eta New York la. Gouvènè Hochul te nonmen Hector LaSalle kòm Jij an Chèf ak Onorab Edwina Richardson-Mendelson kòm Jij an Chèf Administratif. Onorab LaSalle se yon natif Long Island epi se yon desandan Pòtoriken epi li se ansyen pwokirè Konte Suffolk. Kounye a li se Jij Prezidan Divizyon Apèl la, Dezyèm Depatman Jidisyè a. Onorab Edwina Richardson-Mendelson, yon fanm Afriken Ameriken, kounye a syeje kòm Jij Adjwen an Chèf Administratif pou Inisyativ Jistis (Justice Initiatives). Toulede nominasyon sa yo pwofondman istorik, epi nou pa ka tann lidèchip yo."

**Guillermo Chacon, Prezidan, Komisyon Latino a sou SIDA (Latino Commission on AIDS), te deklare,** "Ala yon seleksyon fòmidad Gouvènè Hochul fè! Nan yon moman kote nou bezwen Tribinal Apèl Eta New York pou dirije nasyon an, Jij Hector LaSalle meye moun pou travay la. Mwen felisite Jij LaSalle pou nominasyon li a epi mwen espere wè l apwouve pa Sena a ak syeje nan Tribinal la."

**Prezidan & Direktè Egzekitif Jeneral Long Island Association, Matt Cohen, te deklare,** "Jij Hector LaSalle gen yon karyè sèvis ki long & distenge, ekite & entegrite ki demontre li se moun ideyal pou vin Jij an Chèf Kou Dapèl New York la. Yon natif Long Island ki desandan Pòtoriken, mwen felisite Gouvènè Kathy Hochul pou nominasyon istorik li."

**Mariana Bravo, Prezidan Asosyasyon Nasyonal Bawo Ispanik (Hispanic National Bar Association, HNBA), te deklare,** "HNBA selebre nominasyon Onorab Jij Hector LaSalle Gouvènè Hochul la pou li vin Jij an Chèf nan Kou Dapèl la. Nou toujou onore ak fyè pou nou sipòte nominasyon ki kalifye ak divèsifye nan sistèm jidisyè a, patikilyèman nan nivo ki pi wo yo. HNBA remèsye Biwo Gouvènè a ak Jij LaSalle, epi nou pa ka tann pou li prete sèman."

**Tracey Edwards, Direktè Long Island nan NAACP New York State Conference, te deklare,** "Mwen bat bravo pou nominasyon Jij Hector LaSalle Gouvènè Hochul la pou li vin Jij an Chèf nan Kou Dapèl Eta New York la. Sa a se yon dizinyasyon istorik ki debouche sou yon lavi angaje nan yon defans dwa sivil enkonidisyonèl. Mwen konnen pèsònèlman paske mwen te kanpe kòtakòt avè l pandan plizyè ane nan Long Island lè nou t ap goumen pou dwa kominote Latino ak kominote Nwa yo. Jij LaSalle konprann enpòtans pou kenbe kominote nou yo an sekirite pandan y ap kreye yon sistèm jistis ki jis pou tout moun."

**Eve Cho Guillergan, Prezidan Rezo Lidè Bawo (Network of Bar Leaders) yo,** "Mwen felisite gouvènè a pou dezinyasyon istorik premye Jij Latino an Chèf nan eta a paske li enpòtan pou genyen divèsite nan pozisyon an ak nan lidèchip. Jij Hector D. LaSalle gen eksperyans ekselan kòm yon moun ki te dirije youn nan tribinal apèl ki pi gwo ak pi okipe nan nasyon an. Mwen pa ka tann pou m wè reyalyasyon alavni li yo."

**Veronica Renta Irwin, Prezidan Asosyasyon Bawo Ispanik Long Island (Long Island Hispanic Bar Association) lan, te deklare,** "Asosyasyon Bawo Ispanik Long Island lan felisite manm fondatè ak ansyen Prezidan Hector LaSalle pou nominasyon li nan pozisyon Jij an Chèf nan Kou Dapèl la. Nou remèsye tou Gouvènè Kathy Hochul pou seleksyon Jij LaSalle li kòm yon siy angajman li pou nonmen divès kalite Jij ki kalifye nan tout nivo nan sistèm Tribinal la. LIHBA konnen ke Jij an Chèf LaSalle gen kapasite ak eksperyans ki nesèsè pou dirije ak amelyore sistèm Tribinal Eta New York la. Nominasyon Jij LaSalle kòm premye Jij an Chèf Ispanik nan pi wo Tribinal New York bay yon reprezantasyon enpòtan nan kominote Latino a epi li pral ankouraje jistis egal ak ekitab pou tout Nouyòkè yo."

**Sonia Martinez, Direktè Egzekitif Asosyasyon Latino Mohawk Valley (Mohawk Valley Latino Association) a, te deklare:** "Mwen bat bravo pou Gouvènè Hochul pou sajès li nan nonmen Jij Hector LaSalle kòm Jij an Chèf. Plizyè ane li kòm lidè nan sistèm jistis la pale fò. Pozisyon aktyèl li ki prezide tribinal eta ki pi okipe ak pi gwo montre kapasite li pou fè tribinal yo avanse."

**Luis A. Miranda, Jr, te deklare,** "Gouvènè Hochul franchi yon etap solid nan fè yon nominasyon istorik - yon jij Pòtoriken, Jij Hector LaSalle, kòm Jij an Chèf nan Kou Dapèl New York la. Kominote Latino nan New York ak nan tout peyi a selebre reyalizasyon istorik sa a. Chwa kouraj Gouvènè a dwe koresponn ak yon konfimasyon Sena Eta ki rapid epi ki egalman kouraje."

**Carlos P. Naudon, Prezidan & Direktè Egzekitif Jeneral Ponce Bank, te deklare,** "Pandan plizyè deseni, Jij Hector LaSalle te sèvi kòm youn nan pi bon jij nan Eta New York. Se pa etonan ke Gouvènè Hochul te chwazi l kòm nouvo Jij an Chèf nan Kou Dapèl la -- epi li pral fè istwa kòm premye Pòtoriken k ap sèvi nan wòl sa a. Felisitasyon pou Jij LaSalle pou nominasyon li a, pou Gouvènè Hochul pou seleksyon li a, ak pou tout Nouyòkè ki gen chans genyen sèvitè piblik talan sa yo k ap goumen pou yo."

**Eugenio Russi, Direktè Egzekitif, Hispanic Unidos de Buffalo, te deklare,** "Nouvo Tribinal ki pi wo nan Eta York la pral reyalize yon lòt nivo kounye a paske yo nonmen Jij Hector LaSalle pou sèvi kòm Jij an Chèf. Pandan tout tan manda long ak distenge li, Jij LaSalle te pwouve tèt li jis, endepandan, ak angaje nan eta dedwa, Nou aplodi Gouvènè pou nominasyon li an. Nou pa ka tann pou nou istwa."

**Hispanic Heritage Council of Western New York Inc., te deklare** "Mèsi Gouvènè Kathy Hochul pou nominasyon Onorab Hector D. LaSalle, Jij an Chèf nan Kou Dapèl New York la, Felisitasyon. Muchas felicidades (Anpil felisitasyon)!"

**Asosiyasyon Bawo Ispanik Hudson Valley, te deklare,** "Asosiyasyon Bawo Ispanik Hudson Valley a kontan anpil lè Gouvènè Kathy Hochul te anonse maten an ke li te nonmen Onorab Hector D. LaSalle kòm Jij an Chèf nan Kou Dapèl Eta New York la. Sa a se yon nominasyon istorik, epi nou felisite Gouvènè Hochul pou angajman li pou divèsifye sistèm jidisyè nou an."

**Asosiyasyon Avoka Latino nan Konte Queens (Latino Lawyers Association of Queens County), te deklare,** "Se avèk anpil fyète ke nou tande jodi a ke Onorab Gouvènè Kathy Hochul te nonmen Jij Prezidan Dezyèm Depatman an, Hector LaSalle pou okipe pozisyon Jij an Chèf Kou Dapèl la. Sa a se yon chwa ekselan pou tout Nouyòkè yo! Jij LaSalle pa sèlman gen gravita jiridik pou okipe pozisyon sa a, men tou baz administratif pou gide sistèm Tribinal la atravè kriz COVID la kreye kounye a. Anvan COVID la, sistèm Tribinal la pa t gen anpil anplwaye epi li pa te gem ase finansman. Kounye a, sistèm nan fè fas ak yon reta terib malgre efò ewoyik anplwaye Tribinal Eta a ki pral pran eksperyans yon jij ki gen eksperyans pratik. Sa a se yon gwo chwa!! Sistèm Tribinal aktyèl la p ap fonksyone byen pou pèsonn si li gide san antesedan ak eksperyans moun ki aktyèlman te oblije fè fas ak defi chak jou yo menm jan ak Jij LaSalle. Nan nominasyon sa a, Gouvènè Hochul te montre yon angajman klè pou rasanble moun k ap chèche yon konsansis pou sèvi pèp Eta New York la. Nou bat bravo pou li."

**Parad Jounen Pòtoriken ak Ispanik nan WNY (Puerto Rican and Hispanic Day Parade of WNY) te deklare,** "Nou bat bravo pou nominasyon Héctor LaSalle Gouvènè

Hochul la kòm pwochen Jij an Chèt Tribinal Eta New York yo. Antanke Jij Prezidan aktyèl la nan depatman jidisyè ki pi okipe nan eta a, Jij LaSalle byen kalifye e li prepare pou l dirije Sistèm Tribinal Eta New York la. Li dinamik, enèjetik ak trè konsidere. Nou apresye sipò kontinyèl Gouvènè a nan divèsite nan seleksyone ak nonmen kandida ki trè kalifye."

###

Lèt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418